

Sistèm Swen Sante Ozetazini

Sistèm swen sante Ozetazini konplike, epi li ka difisil pou konprann li okòmansman. Sonje rezo sipò ou a ka ede ak reponn kesyon ou yo epi ba ou plis enfòmasyon.



Konprann Kouvèti Swen Ozetazini

Jwenn swen sante Ozetazini souvan mande pou ou genyen asirans sante, ki pou ede peye pou depans medikal yo. Gen plizyè kalite kouvèti sante:

Medicaid: Se yon pwogram gouvènman ki bay asirans sante gratis oswa a pri ki ba pou moun ki gen revni fèb. Apati 1ye oktòb 2026, règ sou kalifikasyon pou nouvo imigran yo chanje, epi yo varye selon estati imigrasyon yo ak eta kote yo abite.


Asirans Travay la bay: Anpil travay ofri asirans sante kòm yon avantaj. Ou ka bezwen peye yon pati nan depans lan atravè chèk salè ou.

Asirans sou mache: Si ou pa kalifye pou Medicaid epi ou pa gen asirans atravè travay ou, ou ka gen posibilite pou achte asirans atravè Health Insurance Marketplace la. Ou ka jwenn asistans finansye selon revni ou ak estati imigrasyon ou.

Founisè Swen Sante

Gen plizyè diferan kalite founisè swen sante Ozetazini. Men kèk nan founisè swen sante ou jwenn anjeneral.

Depatman Sante Piblik bay vaksen kont maladi epi yo ofri lòt sèvis prevansyon sante, tankou tès ak tretman pou tibèkiloz. Sèvis prevansyon sante se sèvis ki ede w pran aksyon davans pou anpeche yon maladi parèt. Souvan li nesesè pou pran yon randevou davans.



Klinik Kominotè ak Sant Sante yo bay sèvis sante debaz ak konsèy pou sante mantal. Gen kèk ladan yo ki bay tou, swen dantè ak egzamen je. Gen kèk klinik nan vil yo ki trete yon kalite pasyan espesifik, tankou fanm ansent oswa moun ki gen VIH/SIDA. Klinik yo aksepte asirans prive ak Medicaid (asirans gouvènman an pou moun ki gen ti revni), epi anpil nan yo chaje frè selon kapasite pasyan an pou peye.

Doktè Prive Gendwa se dokte jeneral oswa espesyalis. Yo bay swen sante jeneral, tankou egzamen medikal chak ane. *Espesyalis* yo travay nan yon sèl domèn nan medsin. Gen kèk espesyalis ki trete sèten gwoup moun, tankou fanm oswa timoun. Gen lòt ki espesyalize nan yon pati oswa yon sistèm nan kò a, tankou kè a, je yo, oswa pye yo.



Ou bezwen yon randevou pou w ka wè yon doktè prive. Anvan ou wè yon doktè prive, Fòk ou montre ou ka peye pou sèvis la oswa ke ou gen asirans. Si ou gen asirans, ou ka toujou gen pou peye yon ko-peman oswa yon ti frè (pa egzanp, \$20–\$50) lè ou ale nan vizit la.

Si ou pa gen asirans, pri pou wè yon doktè prive ka trè wo, pafwa plizyè santèn dola pou chak vizit. Nan ka sa a, wap gen pou chèche yon klinik kominotè oswa klinik ki ka baw rabè, ki ofri swen ak pri ki pi ba selon kantite kòb ou touche nan travay ou.

Lopital yo se pou pasyan ki gen pwoblèm espesyal epi ki bezwen tès oswa pwosedi (pa egzanp, tretman oswa operasyon). Nòmalman, doktè ou ap voye w nan yon lopital oswa y ap kenbe ou aprè nan yon sal ijans. Swen nan lopital chè, epi yo ka mande w pou montre ke ou ka peye pou sèvis la oswa ke ou gen asirans anvan yo komanse ba ou swen. Sepandan, sal dijans nan lopital yo pa ka refize w sèvis si ou pa kapab peye.



Klinik Swen Ijans yo disponib nan kèk kominote. Klinik sa yo se pou sitiyasyon kote ou gen yon maladi oswa blesi ki bezwen swen imedyà, men ki pa twò grav pou ale nan yon sal ijans. Ou pa bezwen pran randevou.



Egzanp kondisyon yo trete nan klinik swen ijans yo genyen:

- Ti koupe oswa boule
- Enfeksyon zòrèy
- Dejwente oswa antòch
- Gòj fè mal oswa tous
- Fyè, oswa sentòm grip
- Enfeksyon nan aparèy urinè

Sal Dijans yo se pou pwoblèm sante ki grav ak sibit epi ki bezwen atansyon medikal imedyà. Egzanp yo genyen:

- Doulè nan lestomak oswa difikilte pou respire
- Senyen anpil oswa blesi ki fèt nan yon aksidan
- Siy avètisman yon atak sèvo (tankou pèt sansasyon sibit, konfizyon, oswa difikilte pou pale)
- Gwo fyèv sou tibebe oswa timoun piti
- Reyaksyon alèjik grav
- Zo kase oswa ki rive jouk nan fon



Ou pa bezwen pran randevou pou ale nan sal dijans lan, men se kote ki toujou okipe epitou, ou ka oblije tann lontan si pwoblèm ou an pa grav. Swen nan sal dijans lan trè chè. Si pwoblèm ou pa yon ijans, ou ta dwe pran randevou nan yon klinik oswa ale kay yon doktè.

Dwa Ou nan Swen Sante

Ozetazini, ou gen de dwa enpòtan nan swen sante. Ou gen dwa pou sèvis entèprèt epi ou gen dwa pou konfidansyalite. Di pèsònèl lopital oswa klinik la, ou bezwen yon entèprèt lè ou pran randevou oswa lè ou rive pou swen ijans. Tout sa k pase ant ou menm ak founisè swen sante ou a, rete konfidansyèl dapre lalwa. Founisè swen sante ou pa ka di fanmi ou, zanmi ou, oswa patwon w anyen sou sante ou san pèmasyon w.


Fason Ameriken konprann lasante

Pifò Ameriken ale wè yon doktè yon fwa pa ane pou yon egzamen medikal, pou yo ka konnen si yo gen pwoblèm sante anvan sa vin grav. Yo ale wè yon dantis de fwa pa ane pou netwaye dan yo epi anpeche pwoblèm grav nan bouch yo.

Ameriken kwè anpil maladi ka anpeche atravè pwòpte, nitrisyon apwopriye, egzèsis, ak dòmi ase.


Pwòpte ak Ijyèn Pèsonèl

Pifò Ameriken pran beny oswa douch chak jou, bwose dan yo de fwa pa jou, lave cheve yo souvan ak chanpou, mete dewodoran yon fwa pa jou, epi lave rad yo dri. Magazen yo vann plizyè kalite pwodwi ki ede moun evite parèt sal oswa gen sant swe. Ijyèn pèsonèl ka espesyalman enpòtan pou jwenn ak kenbe yon travay.



Nitrisyon Apwopriye

Nitrisyon apwopriye vle di manje kalite manje ki bon pou kenbe kò a an sante. Li vle di tou limite manje ki ka lakòz pwoblèm sante ak maladi grav si yo konsome souvan epi nan gwo kantite. Manje sa yo se manje ki gen anpil sik, sèl, oswa grès (pa egzanp, manje fri, bonbon, ak bwason gazez).



Swen Sante Mantal

Ameriken kwè sante mantal enpòtan menm jan ak sante fizik. Sante mantal la se kijan ou santi w, panse, ak aji pandan w ap fè fas ak lavi. Jan ou jere estrès tou se yon lòt fason tou.

Bon swen sante gen ladann tretman yon pwofesyonèl sante mantal ap bay lè sa nesesè. Si ou santi lavi twò difisil epi ou pa ka jere aktivite chak jou yo, ou ta dwe chèche sèvis sante mantal.

Lalwa Ozetazini pwoteje epi ede moun ki gen andikap. Asirans sante ak asistans lajan kach pou moun ki gen andikap disponib, epi nouvo imigran kapab aplike pou avantaj sa yo, apre yo rive.

Konsènan Settle in

Settle In se yon sous ou ka fè konfyans pou chèche enfòmasyon serye, reyaktif, ajou, epi fasil pou nouvo imigran yo sou Etazini. Platfòm dijital Settle In yo disponib nan plizyè lang, epi yo ofri resous esansyèl, konsèy ak sipò nan plizyè lang pou ede nouvo imigran yo jere lavi yo Ozetazini.

Konsènan Switchboard

Switchboard se yon sant resous inik pou founisè sèvis pou refijye Ozetazini epi li ofri zouti, opòtinite aprantisaj ak asistans teknik sou sijè ki gen rapò ak relokalizasyon.

Switchboard jwenn finansman ORR epi se IRC ki egzekite l. Se Mercy Housing ki devlope materyèl sa yo.

IRC a te resevwa finansman konpetitif atravè Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini, Administrasyon pou Timoun ak Fanmi, Sibvansyon #90RB0053. Fon Federal la finanse pwojè sa a 100% .

Kontni dokiman sa a se responsablite otè yo sèlman, li pa nesèsèman reprezante opinyon ofisyèl Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini, Administrasyon pou Timoun ak Fanmi.